


Ngatitarisisei kumufananidzo weGwai rakarasika

Ruka 15:3-7

1. Chii chinonzi mufananidzo? (*Inyaya yepano panyika ine dudziro yokudenga.*)
2. Ko chii chinomirirwa nehwei munyaya iyi? (*Ndisu*) Ko Mufudzi ndiani? (*NdiJesu*)
3. Ko isu takarasika sei? (*Mukusatenda, mukutadza, mukukanganwa nezvaJesu, uye nokusaziviswa kuti Jesu akafira zvivi zvedu.*)
4. Ko Jesu anosiya makwai ane makumi mapfumbamwe nemapfumbamwe kupi apo anoenda kundotsvaka gwai rakanga rarasika? (*Panzvimbo yakachengetedzeka.*)
5. Doma dzimwe nzvimbo dzakachengetedzeka apo Jesu angadai akasiya makwai ake. (*Nevamwe vaKristu, mumhuri yechiKristu kana mumhuri yechikristu.*)
6. Ko tinowanikwa sei? (*Kuburikidza nokunzwa Shoko raMwari, Kutaura naMwari mumunyengerero, kurevurura zvivi zvedu, nokutenda kuti Jesu akafira zvivi zvedu.*)
7. Unofunga kuti nemhaka yeyi denga richifara kana gwai rakarasika richinge rawanika? (*Vose vari kudenga vanoziva kuti vakarasika vachagara naShe Jesu kudenga nokusingaperi.*)
8. Ko wakamborasikirwa nechimwe chinhu chinokosha here? Wakaitei mushure mekunge wachiwana? (*Wakada kuudza vamwe nezvazvo.*)
9. Wakambosanganawo nomumwe akanga arasika here? Ko wakaitei kuedza kumubetsera kuti awane nzira yake?
10. Ko ungabatsira sei mumwe akarasika kuti awane Jesu? (*Kumuudza izvo Mwari akakuitira nezvaakamuitira iye. Nyengetera naye. Ratidza vamwe kuti Mwari uyu unomuda sei nemararamiro ako.*)

Denga



Ndichadzoka ndozokutorai kuti muve neni, kuti nemiwo mugova kwandinenge ndiri. Johani 14:3

Jesu anonyaradza Vadzidzi Vake

Johani 14:1-3

“Mwoyo yenyu ngairege kutambudzika. Tendai kuna Mwari; mutendewo kwandiri. 2 Mumba maBaba vangu mune nzvimbo zhinji dzokugara; dai zvaiva zvisizvo, ndingadai ndakuudzai. Ndiri kuenda ikoko kundokugadzirirai nzvimbo. 3 Uye kana ndikaenda kundokugadzirirai nzvimbo, ndichadzoka ndozokutorai kuti muve neni, kuti nemiwo mugova kwandinenge ndiri.”

Mufananidzo wePfuma Yakavigwa noweParera

Mateo 13:44

“Umambo hwaMwari hwakafanana nepfuma yakavigwa mumunda. Mumwe murume akati aiwana, akaivigazve, uye ipapo mukufara kwake, akaenda akandotengesa zvose zvaiva nazvo ndokutenga munda iwoyo.”

Mufananidzo weParera rine mutengo unokosha

Mateo 13:45-46

45 “Umambo hwokudenga hwakafananazve nomutengesi wezvinhu anotsvaka maparera akaisvonaka. 46 Akati awana rimwe rawo rinokosha akaenda akandotengesa zvose zvaakanga anazvo uye akaritenga.”

Mufananidzo weGwai Rakarasika

Ruka 15:3-7

Ipapo Jesu akavaudza mufananidzo uyu akati, 4 “Ndianiko pakati penyura kana ane makwai zana, rimwe racho kana rikarasika, asingasiyi makumi mapfumbamwe namapfumbamwe kumafuro achindotsvaka gwai rakarasika kusvikira ariwana? 5 Uye kana ariwana, anoritakura pamapfudzi ake nomufaro 6 agoenda kumba. Ipapo anodana shamwari dzake navavakidzani pamwe chete agoti kwavari, ‘Farai pamwe chete neni nokuti ndawana gwai rangu rakanga rarasika.’ 7 Ndinoti kwamuri, saizvozvo mufaro mukuru uchava kudenga pamusoro pomutadzi mumwe chete anenge atendeuka, kupfuura pamusoro pavakarurama makumi mapfumbamwe navapfumbamwe vasingatsvaki kutendeuka.”

Mufananidzo weMari Yakarasika

Ruka 15:8-10

“Ndoupiko mukadzi ane mari yamasirivha anokwana gumi uye akarasikirwa neimwe chete angarega kubatidza mwenje, agotsvaira imba uye agotsvakisisa kusvikira aiwana here? 9 Uye paanenge aiwana, achadana shamwari dzake navavakidzani agoti kwavari, ‘Farai pamwe chete neni, ndawana mari yangu yakanga yarasika.’ 10 Saizvozvo, ndinoti kwamuri, pano mufaro pamberi pavatumwa vaMwari pamusoro pomutadzi mumwe chete anotendeuka.”